

Chè Kominote Aprantisaj Lekòl Piblik Elizabeth yo,

Pi gro priorite Lekòl Piblik Elizabeth yo kontinye se sante ak byennèt elèv ak manm ekip nou yo. Kòm yon pati nan eksekisyon enstriksyon lakay, epi dapre règleman eta a, distri a prepare yon pran-epi-ale program manje maten ak manje midi de Lendi jiska Vandredi nan lokasyon spesifik pou moun ki kalifye yo.

Kòm ou ka okouran, pandan fen semèn nan, Eta New Jersey te bay yon lòd a rezidan yo pou rete lakay nan yon efò pou kenbe distans sosyal pandan n ap fè fas a defi yo prezante pa COVID-19. Lekòl Piblik Elizabeth, nan rekonèt pwòp responsablite li pou ankouraje distans sosyal ak limite entèraksyon moun-ak-moun, **ap fè chanjman apre Madi, 24 Mas nan program manje pran-epi-ale li yo.**

Apati Mèkredi 25 Mas, Lekòl Piblik Elizabeth pral ofri program Pran-epi-Ale sèlman Lendi ak Mèkredi pandan epòk lekòl fèm an. Moun ki kalifye yo ap kapab pran yon rezèv pou 3 jou manje maten ak manje midi pou chak pitit yo ki enskri nan lekòl la. Ou ka pran yon pake manje maten ak manje midi pou pitit ou de 9:30 a.m. a 11:30 a.m. Tanpri sonje ke pake yo sijè a kantite ki disponib. Men kote ou kapab pran manje yo:

- Lekòl 1 & 9 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 1 ak 9.
- Lekòl 28 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 28 ak 25.
- Lekòl 52 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 20 ak 13.
- Lekòl 22 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 3,15, ak 5.
- Lekòl 29 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 16,18,21 ak 12.
- Lekòl 23 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 23 ak 27.
- Lekòl 51 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 2, ak 6.
- Lekòl 26 - Pou tout elèv PreK-12 ki rete nan zòn lekòl 19,14 ak 4.

Mèsi yon lòt fwa ankò pou sipò ak konpreyansyon ou pandan nap mache ansanm nan moman difisil sa yo.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer

Elizabeth Public Schools offers translation accessibility of district communication and materials. For further assistance, please contact hugelmol@epsnj.org.

Las Escuelas Públicas de Elizabeth ofrecen accesibilidad de traducción de comunicación y materiales del distrito. Para obtener más ayuda, comuníquese con hugelmol@epsnj.org.

As Escolas Públicas de Elizabeth oferecem acessibilidade à tradução de materiais e comunicação do distrito. Para obter mais assistência, entre em contato com hugelmol@epsnj.org.

Lekòl Piblik Elizabeth yo ofri tradiksyon aksè nan komunikasyon distri a ak materyèl yo. Pou plis asistans tanpri kontakte hugelmol@epsnj.org.

المدارس بمنطقة إيلزابيث التعليمية بتقديم خدمة الترجمة لجميع اللغات.

في حالة الحاجة لهذه الخدمة المقدمة اتصل hugelmol@epsnj.org.